



Lis bagay ou gen pou verifye anvan ou enskri

Anvan ou pran desizyon pou enskri, ou ta dwe byen konprann prestasyon nou ofri yo ak règ nou suiv yo. Si w gen kesyon, ou kapab rele pou pale avèk yon reprezantan ekip sèvis kliyan an nan **1-800-858-1487**, ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt; ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi.

Konprann prestasyon yo

- Dokiman ki rele Prèv asirans lan (Evidence of Coverage, EOC) gen yon lis ki site tout sèvis ak tout bagay nou peye pou yo. Li enpòtan pou w egzamine sa plan an peye pou yo, sa sèvis yo koute ak prestasyon nou ofri yo anvan ou enskri. Ale sou www.amerihhealthcaritasvipcare.com/fl oswa rele nan **1-800-858-1487**, ant dat 1^{ye} oktòb ak 31 mas: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, sèt jou sou sèt; ant dat 1^{ye} avril ak 30 septanm: soti 8 è nan maten rive 8 è diswa, lendi pou vandredi, pou konsilte yon kopi EOC a.
- Egzamine lis pwofesyonèl ak etablisman sante a (oswa poze doktè w kesyon sa a) pou verifye si doktè ki trete w yo fè pati rezo a. Si yo pa nan lis la, sa vle di w ap gen pou chwazi yon lòt doktè.
- Egzamine lis famasi a pou verifye si famasi ou konn ale a pou jwenn medikaman sou preskripsyon w yo fè pati rezo a. Si famasi a pa nan lis la, gen anpil chans pou w oblihe chwazi yon lòt famasi pou al chèche medikaman w yo.
- Egzamine fòmilè a pou verifye si plan an peye pou medikaman w yo.

Konprann règ ki enpòtan yo

- Ou dwe kontinye peye prim Medicare Pati B w yo. An jeneral, yo konn retire prim sa a sou chèk sekirite sosyal ou chak mwa.
- Prestasyon yo, prim yo ak/oswa ko-peman/ko-asirans yo ka chanje 1^{ye} janvyè 2025.
- Sof nan sitiyasyon ijans, nou pa peye pou sèvis manm yo jwenn nan men pwofesyonèl sante ki pa fè pati rezo a (doktè ki pa nan lis pwofesyonèl ak etablisman sante a).
- Plan sa a se yon plan pou moun ki gen bezwen espesyal e ki kalifye pou de pwogram li ye (dual eligible special needs plan, D-SNP). W ap kapab enskri nan plan an apre nou verifye ou kalifye ni pou Medicare ni pou asistans medikal nan yon plan Eta a anba Medicaid, epi ou kalifye pou jwenn youn nan kategori èd sa yo:
 - ✓ Qualified Medicare Beneficiary Plus (QMB+).
 - ✓ Qualified Medicare Beneficiaries (QMB).
 - ✓ Specified Low-Income Medicare Beneficiary Plus (SLMB+).
 - ✓ Full Benefit Dual Eligible (FBDE).
- Efè sou asirans ou genyen kounye a. Si w deja enskri nan yon plan Medicare Advantage kounye a, plan asirans Medicare Advantage sa a pral kanpe kou nouvo plan asirans Medicare Advantage ou kòmanse. Si w gen Tricare, asirans kou ka afekte kou nouvo plan Medicare Advantage ou kòmanse. Tanpri kontakte Tricare pou jwenn plis enfòmasyon. Si w gen yon plan Medigap plan, lè nouvo plan Medicare Advantage ou kòmanse, ou ta dwe soti nan asirans Medigap ou poutèt li t ap fè w peye pou yon asirans ou pa p ka itilize.

AmeriHealth Caritas VIP Care se yon plan HMO-SNP ki pase yon kontra avèk Medicare e ki pase yon kontra avèk pwogram Florida Medicaid la. Se si kontra sa yo renouvle sèlman moun ka enskri nan AmeriHealth Caritas VIP Care.